

Fanm ki nan Vil Nouyòk yo ka kontakte “NYC Commission on Human Rights” (Komisyon Dwa Moun NYC a) si yo sibi agresyon oswa diskriminasyon lè yo rele nan 311 epi mande pou “Commission on Human Rights” (Komisyon Dwa Moun), oswa yo ka rele Komisyon an dirèk nan **(212) 416-0197**, oswa si yo vizite **NYC.gov/HumanRights**.



**NYC** Commission on  
Human Rights

       
@NYCCHR NYC.gov/HumanRights

# FANM nan NYC

merite pou yo viv e pou yo travay avèk

**RESPÈ**  
**SEKIRITE** epi  
**DIYITE**





# FANM KI NYC

## MERITE POU YO VIV E POU YO TRAVAY AVÈK RESPÈ, SEKIRITE, AK DIYITE.

Komisyon Dwa Moun Vil Nouyòk la a pou mete anplas Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la, youn nan lwa kont diskriminasyon nan peyi a ki pi fò e ki pi vas. Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la pwoteje tout moun ki vizite, k ap travay, oubyen ki abite nan Vil Nouyòk kont diskriminasyon nan kesyon lojman, anplwa, ak espas piblik nan 22 kategori, ki gen ladan yo ras yon moun oubyen ras lòt moun panse li ye a, kwayans li, koulè l, orijin nasyonal li, sèks li, oryantasyon seksyèl li, andikap li, sityasyon li antanke sitwayen oswa etranje, oswa lòt sityasyon li ki dwe pwoteje. Epitou, Lwa a ofri pwoteksyon kont lapolis ki fè agresyon ki revele diskriminasyon oswa ki fè diskriminasyon ki baze sou prejije.

Komisyon an travay tou avèk patnè nan gouvènman epi nan kominote a pou yo rezoud pwoblèm ki gen efè sitou sou medam yo lè yo lè yo devlope oryantasyon sou entèpretasyon lwa pou Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la, lè yo pwopoze ak kreye nouvo lwa epi yo chèche etabli nouvo patenarya kominotè estratejik ak evènman, pami lòt inisyativ ki sipòte epi pwomouvwa dwa fanm yo. Komisyon an eseye asire ke fanm yo kapab viv libelibè san yo pa viktim diskriminasyon ak pèsèksiyon lakay yo, nan travay, ak lè y ap jwi enstalasyon piblik tankou restoran ak transpò piblik nan Vil Nouyòk.

## PREJJE KI BAZE SOU SÈKS

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la entèdi diskriminasyon ak agresyon kont fanm ak jèn fi sou baz sèks yo oswa sèks lòt moun panse yo genyen an. Lè yo di “sèks yo”, yo vle di “sèks yo oswa sèks lòt moun panse yo genyen an”, epi li gen ladan l “sèks moun nan panse li ye a, imaj li gen de pwòp tèt li, aparans li, konpòtman l, ak ekspresyon l.”

Anplwayè, mèt kay, ak moun ki gen bay aksè nan enstalasyon ak espas piblik, yo pa gendwa trete w yon fason ki diferan oswa refize w yon opòtinite poutèt sèks ou oubyen poutèt yo gen yon ide lide fiks sou ki jan yon fi dwe ye oswa ki konpòtman l dwe genyen.

### DOMÈN PWOTEKSYON:

- Lojman
- Travay
- Kad Piblik
- Agresyon ki Montre Diskriminasyon
- Diskriminasyon ki Baze sou Prejije

### SENARYO:

“ Mwen t ap mache nan kanpous mwy mwen paske patwon m nan te di sa ‘Mwen pa t aji tankou yon fanm.’ ”

“ Mwen t ap mache nan kanpous mwen an lè yon nèg mwen konnen te kenbe ponyèt mwen byen di epi li di m ‘Hey, bèl demwazèl. M ap mennen w nan chanm mwen an pou w ka konnen sa yon vrè gason ka fè pou ou.’ ”

## GWOSÈS

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la entèdi anplwayè yo fè diskriminasyon kont ou, sa gen ladan l pran desizyon nan travay la sou baz sa yo panse sou angajman w oswa kapasite w pou w fè aktivite nan travay la akòz gwosès

ou a. Anplis, ou gen dwa pou w mande patwon ou aranjman ki rezonab, tankou ti pòz oswa chanjman nan anviwònman travay la poutèt gwosès ou, akouchman w, oswa lòt pwoblèm medikal.

#### DOMÈN KOTE PWOTEKSYON AN ANPLAS:

- Travay
- Lojman
- Kad Piblik

#### SENARYO:

*“ Mwen t ap mache nan kanpous mwPatwon m te refize kite m al pipi tanzantan, apre sa li te di m m ap ‘pi kontan si m ret lakay mwen’, epi l te voye m ale. ”*

## MOUN K AP PRAN SWEN LÒT MOUN

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la entèdi anplwayè trete w yon fason ki diferan nan travay ou oswa pandan w ap chèche yon travay poutèt ou gen pitit w ap okipe, oswa poutèt w ap pran swen yon manm fanmi w ki malad oubyen ki andikape. Anplwayè pa ka di responsablite w antanke yon moun k ap pran swen lòt moun nan vle di ou pa ka angaje w nan travay ou, oswa ou pa konpetan ladan l.

#### DOMÈN KOTE PWOTEKSYON AN ANPLAS:

- Travay

#### SENARYO:

*“ Moun ki t ap bay travay la te di m mwen pa t jwenn djòb la paske m ap okipe papa m e mwen ‘pa t ap ka angaje m’ nan travay la. ’ ”*



## **MOUN KI TE VIKTIM VYOLANS NAN KAY, AGRESYON SÈKSYÈL, AK “PÈSEKISYON”**

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la entèdi diskriminasyon kont viktim/sivivan vyolans nan kay, agresyon sèksyèl, ak “pèsekisyon” nan kesyon travay ak lojman. Anplwayè ak mèt kay pa ka trete w yon fason ki diferan poutèt ou te yon viktim. Pa egzanp, yo pa ka mete w nan yon lòt biwo oswa refize anfème w yon apatman. Anplis, ou gen dwa pou w mande aranjman ki rezonab nan travay ou, tankou konje ki pa peye oswa ajisteman nan pwogram travay la pou w ka parèt nan tribinal piske w te yon viktim.

### **DOMÈN KOTE PWOTEKSYON AN ANPLAS:**

- Lojman
- Travay

#### **SENARYO:**

*“ Moun ki t ap bay travay la te dteksyon kont moun ki te atake m nan, epi mèt kay la te refize anfème ba mwenn paske li di li ‘pa t vle anyen vin deranje l’ nan bilding li an.’ ”*

## **PREZANS TIMOUN**

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la entèdi mèt kay yo refize anfème w senpleman poutèt ou genyen oubyen pa genyen timoun k ap viv ansanm avè w. Epitou, mèt kay yo pa ka poste piblisite pou kay ak apatman ki di sèl moun ki ka fè aplikasyon se moun ki pa gen timoun.

### **DOMÈN KOTE PWOTEKSYON AN ANPLAS:**

- Lojman

#### **SENARYO:**

*“ Lè m t al wè apatman an, mèt kay la te di m yo t ap jete fòmilè pa m nan paske yo pa vle timoun nan bilding nan. ”*





# Kesyon Moun Konn Poze


## KIJAN M KA FÈ KONNEN MWEN SIBI DISKRIMINASYON OSWA AGRESYON? KI JAN M KA FÈ YON PLENT ANONIM?

Rele 311 epi mande pou "Human Rights" (Dwa Moun) oswa rele Komisyon an dirèkteman nan (212) 416-0197 pou w pale ak yon avoka si w sibi diskriminasyon. Pèsonèl Komisyon an pral gide w pandan pwosesis la epi y ap reponn nenpòt kesyon w ka genyen. Komisyon an ankouraje w rapòte nenpòt ensidan diskriminasyon, menmsi w vle rete anonim. Komisyon an ka mennen investigasyon pa l epi pousuiv yon ensidan diskriminasyon san l pa revele idantite w.

## KISA KOMISYON AN KA FÈ POU L EDE M?

Si w depoze yon plent devan Komisyon an, e Komisyon an twouve prèv diskriminasyon te fèt toutbon, Komisyon an ka pousuiv ka w la. Apre yon pwosè, oswa grasa yon règleman, Komisyon an ka fè koupab la oswa agresè a peye w yon konpansasyon pou domaj emosyonèl, yon kontravansyon, epi dedomajman pou chaj ou te peye tankou tarif avoka yo. Epi, komisyon an ka fè koupab la patisipe nan fòmasyon sou Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la yo epi fè sèvis sivil kominotè.

## KIJAN ÒGANIZASYON MWEN AN KA TRAVAY ANSANM AVÈK KOMISYON AN POU FÈ AVANSE DWA FANM YO?



Komisyon an dirije e patisipe nan atelye, evènman, inisyativ, ak pwogram pandan ane a kote w ka patisipe. Tanpri, al gade nan [NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights) epi gade pwogram nou konsènan evènman nou pral fè nan zòn pa w la. Ou ka voye yon imèl nan [policy@cchr.nyc.gov](mailto:policy@cchr.nyc.gov) avèk yon deskripsyon sou jan de alyans ou ta vle fè avèk nou, e youn nan reprezantan nou ap kontakte w pou pale plis.